# Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Reglamentine ózgeris hám qosımshalar kirgizildi

Aldın xabar berilgenindey, Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Yuridikalıq xızmeti tárepinen “Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Reglamentine ózgeris hám qosımshalar kirgiziw haqqında”ǵı Ministrler Keńesiniń qarar joybarı islep shıǵıldı hám jámiyetshilik dodalawı ushın portalǵa jaylastırılǵan edi. Aytıp ótiw kerek, bul qarar joybarınıń islep shıǵılıwınan tiykarǵı maqset puqaralar hám isbilermenlik iskerligine tiyisli qararlar qabıl etiw procesiniń ashıqlıǵın támiyinlewdi ele de jetilistiriw, Ministrler Keńesiniń hújjetleri tiykarında pul qarjıları ajratılıwı hám sarıplanıwında mámleketlik uyımlar hám shólkemler birinshi basshılarınıń jeke juwapkershiligin jáne de asırıw boyınsha qosımsha is-ilajlardı belgilep beredi.

Usı múnásebet penen, Ministrler Keńesiniń 2022-jıl 17-sentyabrdegi 466-13-0-Q/22-san qararı menen Ministrler Keńesiniń Reglamentine tiyisli ózgeris hám qosımshalar kirgizildi. Endilikte, Ministrler Keńesiniń Reglamentine kirgizilgen usı ózgeris hám qosımshalarǵa muwapıq:

Ministrler Keńesi hújjetleriniń joybarlarına fizikalıq hám yuridikalıq shaxslar ushın juwapkerlik belgileytuǵın huqıqıy normalar kiritiliwi qadaǵan etiledi;

xojalıq basqarıwı uyımları wákilligine kiretuǵın máseleler hám korporativ qatnasıqlardı nızam astı hújjetlerin qabıllaw yamasa hákimshilik usıllar arqalı tártipke salıw qadaǵan etiledi;

pul qarjıların ajıratıw, sonıń menen birge, mámleketlik satıp alıwlardı ámelge asırıw máselelerine tiyisli joybarlar Ministrler Keńesiniń Korrupciyaǵa qarsı ishki qadaǵalaw bólimi menen májburiy tártipte kelisiledi;

usınıs etilgen joybarlar hám oǵan tiykar bolǵan barlıq hújjetler (sonday-aq, joybar-smeta hújjetler)diń sapalı, hár tárepleme islep shıǵılıwı, maǵlıwmatlardıń tuwrılıǵı, olardı ámelge asırıwdıń sońǵı nátiyjeleri hám aqıbetleri, ajratılıp atırǵan (sarıplanıp atırǵan) pul qarjları hám basqa tovar-materiallıq baylıqlardıń maqsetke muwapıq ajratılıwı hám sarıplanıwı ushın mámleketlik uyımlar hám shólkemlerdiń birinshi basshıları, sonday-aq, tiyisli taraw baslıqları jeke juwapker esaplanadı.

Qaraqalpaqstan Respublikasınıń “Normativlik huqıqıy aktler haqqında”ǵı Nızamı talaplarınan kelip shıǵıp, hámmeniń tanısıwı ushın bul qarar rásmiy dereklerde, atap aytqanda, “Erkin Qaraqalpaqstan” gazetasınıń 2022-jıl 20-sentyabr kúngi 113-sanında, “Qaraqalpaqstan tańı” gazetasınıń 2022-jıl 24-sentyabr kúngi 36-37-sanında, Ministrler Keńesiniń rásmiy veb saytında, sonday-aq, Ózbekstan Respublikası nızamshılıq maǵlıwmatları milliy bazasında járiyalandı. Usı orında aytıp ótiw orınlı, Ministrler Keńesiniń Reglamenti menen usı silteme arqalı tolıq tanısıp shıǵıwıńız múmkin.

**J. Idiyatullaev hám A. Imatov**

**(Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Yuridikalıq xizmeti)**